

## Jwenn Swen Medikal ou Bezwen an

Byenke COVID-19 kontinye pwopaje nan kominote nou yo, ou ka jwenn swen medikal san danje, depi w pran mezi pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun yo. Kounye a se yon bon moman pou w al pran swen ki te ka an reta pandan Vil New York (NYC) te nan POZ la.

### Ou ka jwenn swen medikal san danje.

- Klinik yo ak lopital yo ap pran mezi pou yo pwoteje pasyan yo ak anplwaye yo. Mezi sa yo ap varye selon anviwònman epi yo ka gen ladan randevou epapiye, fè moun ret tann deyò jiskaske li lè pou yo konsilte yo, egzije pou mete kachnen, epi fè depistaj pou sentòm COVID-19 yo pou tout pasyan yo.
- Pifò klinik gen randevou disponib epi yo prè pou yo wè ou menm ak timoun ou an pèsòn.
- Yo ka itilize telefòn oswa konferans sou videyo tou si l pa nesesè pou vizit la fèt an pèsòn.

### Pa inyore sentòm ou yo.

- Al pran swen pou nenpòt nouvo sentòm ou genyen, kèlkeswa si yo gen rapò ak COVID-19 ou pa.
- Rele **911** si ou gen yon ijans medikal, ki gen ladan difikilte pou respire, doule oswa presyon nan pwatrin ou, oswa ou pa gen sansasyon nan figi w, bra w oswa janm ou.

### Al fè egzamen ak pran vaksen regilye yo.

- Granmoun: Sonje pou w fè yon egzamen anyèl pou w kontwole tansyon, sik, ak pwa w, pou fè depistaj pou detekte kansè ak lòt maladi yo pi bonè posib, ak pou pran vaksen woutin yo.
- Timoun: Asire w timoun yo al nan vizit bilan sante yo ak pran vaksen yo.
- Tout moun: Al pran vaksen kont grip la kòmanse an septanm.
- Gade anba la pou w jwenn enfòmasyon sou kote pou al pran vaksen yo.

### Pran swen maladi kwonik yo.

- Al pran swen regilye epi replen medikaman pou maladi ki fè w gen plis chans pou w gen konplikasyon COVID-19 grav yo, ki gen ladan dyabèt, obezite, maladi kè, oswa maladi poumon.

### Fè konnen si w gen sentòm COVID-19 yo.

- Di pwofesyonèl swen sante w la si w gen sentòm COVID-19 lejè oswa ki pa twò grav, oswa si sentòm ou yo vin pi mal. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sentòm COVID-19 yo, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi chache pou "Symptoms and What to Do When Sick" (Kisa pou m Fè Lè m Malad).

### Swen sante disponib pou tout moun.

- Swen disponib kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa kapasite pou ou peye.

- Swen medikal ki pa chè oswa gratis disponib pou tout moun nan [etablisman swen sante NYC Health + Hospitals](#) yo.
- Asirans sante ki pa chè disponib atravè [NY State of Health](#). Rele 855-355-5777 oswa **311** pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Si w bezwen yon pwofesyonèl swen sante, rele 844-692-4692 oswa **311**.
- Vaksen gratis pou timoun ki gen jiska 2 zan yo disponib nan NYC Health + Hospitals. Rele 844-692-4692 pou w pran yon randevou.
- Pou w jwenn lòt lokalite ki ofri sèvis vaksinasyon pou timoun ak granmoun yo toupatou nan NYC, chache [NYC Health Map](#) (Kat Jewografik Sante Vil New York) oswa rele **311**. Anpil chèn famasi ak famasi endepandan yo ofri vaksen tou—rele famasi lokal ou a pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Tès pou COVID-19 disponib gratis toupatou NYC. Vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) pou w jwenn yon lokalite pou fè tès tou pre w.

**Pote kole.**

- Mete yon kachnen pandan trajè pou al nan biwo pwofesyonèl swen sante w la ak pandan w nan biwo oswa klinik doktè a.
- Siveye sante w epi fè pwofesyonèl swen sante a konnen davans si w gen sentòm COVID-19 yo; yo ka bezwen pran plis prekosyon.